

Pou Piblikasyon Imedya: 22/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE POLIS ETA A AK FÒS LÒD LOKAL YO PRAL PRAN MEZI ESTRİK KONT MOUN K AP KONDUI TOU SOU YO OSWA SAN PRIDANS PANDAN WIKENN JOUNEN MEMORIAL SA A

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Polis Eta New York la ak fòs lòd lokal nan tout eta a ap ogmante patwouy yo pou lite kont moun k ap kondui sou enfliyans alkòl epi moun k ap kondui nan fason ki danjere pandan wikenn Jounen Memorial la. Peryòd pou fè respekte lwa STOP-DWI la ap kòmanse Vandredi 24 Me epi kontinye rive Lendi 27 Me. Jounen Memorial la se youn nan jou ferye ki gen plis aktivite vwayaj nan ane a epi lapolis ap deploye an fòs pou yo retire chofè ki nan kapasite afebli ak sa k ap kondui nan fason iresponsab yo sou otowout nou yo.

"Wikenn Jounen Memorial la make kòmansman sezon vwayaj dete a, sa ki vle di plis sikilasyon ak posibilite pou moun kondui nan jan ki danjre sou otowout yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan Polis Eta a ak fòs lòd lokal yo ap ogmante efò yo pou pran mezi estrik kont moun k ap kondui tou sou oswa san pridans wikenn sa a, m ap ankouraje tout otomobilis yo pou yo kondui yon jan ki responsab, pa chita dèyè volan lè w t ap bwè, epi planifye alavans pou yon moun ki gen tèt klè mennen w lakay ou."

Sipè-entandan Pwovizwa Lapolis Eta a Keith M. Corlett te deklare, "Pandan n ap pran tan Wikenn Jounen Memorial sa a pou n onore moun ki te mouri pandan sèvis yo pou peyi nou an, n ankouraje tout otomobilis yo pou yo fè sekirite vin priorite nimewo en an. Kondui ak tèt klè, depoze telefòn entelijan w lan, epi ralanti epi mete kò w sou kote si w wè veyikil dijans oswa travayè otowout bò wout la. Si nan pwojè pou jou ferye w yo genyen alkòl, fè aranjman pou yon woulib san danje pou ale lakay ou. W ap wè anpil polisye eta wikenn sa a, epi y ap genyen zewo tolerans pou chofè ki sou, enpridan ak distrè".

Chofè yo ka atann pou wè pwen kontwòl tèt klè ak plis patwouy Polis Eta a ak ajans fòs lòd lokal yo ap fè pandan wikenn fèt sa a. Polisye Eta yo pral sèvi avèk toulède machin polis eta ki make ak machin kontwòl sikilasyon ki gen idandite yo ki kache (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE) nan kad operasyon sa a pou idantifye pi fasilamn chofè k ap vyole lalwa. Machin CITE yo pèmèt polisye eta yo pi byen obsève vyolasyon konduit yo. Machin sa yo melanje avèk machin ki nan lari a chak jou men yo san ekivòk tankou machin ijans yon fwa limyè ijans lan aktive.

Pandan wikenn Jounen Memorial 2018 la, Polisye Eta yo te arete 237 moun poutèt yo t ap kondui malgre yo te bwè, yo te bay 13,318 kontravansyon ototal, epi yo te investige 154 aksidan domaj kòporèl ki te lakòz uit moun mouri. Anplis de Lapolis Eta New York la, plizyè konte ak ajans toupatou atravè eta a te patisipe tou nan mezi estrik yo te pran pandan Jounen Memorial (Memorial Day Crackdown) ane pase a.

Daprè Enstiti pou Jesyon ak Rechèch sou Sekirite Sikilasyon (Institute for Traffic Safety Management and Research, ITSMR) nan University at Albany an, moun ki kondui pandan yo sou te touye 252 moun epi blese prèske 5,647 lòt moun nan Eta New York la pandan ane 2017 la. Yon lòt 205 moun te mouri nan aksidan ki gen rapò ak dwòg.

"Anvan tout bagay nan Jounen Memoryal sa a, n ap mete ansanm avèk nasyon an pou salye gason ak fanm brav yo ki bay lavi yo pou pwoteje dwa nou yo epi defann libète nou", **Mark J. F. Schroeder, Komisè pa Enterim Depatman Veyikil a Motè a (Department of Motor Vehicles) ak Prezidan pa Enterim Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC), te deklare.** "Pandan anpil moun ap rete pou souvni tris pandan wikenn sa a, anpil lòt pral pran wout la pandan sezon anpil vwayaj yo ap kòmanse. Nou vle pou Nouyòkè yo rive nan destinasyon yo san danje, donk n ap ankouraje chofè yo pou yo verifye machin yo pare pou vwayaje epi pou yo sonje kondui san danje tou. Pa bwè epi al kondui, depoze telefòn nan epi evite distraksyon. Si w gen timoun, verifye yo byen tache nan chèz ki bon pou laj yo ak gwosè yo. Sonje ou dwe vijilan epi separe wout la avèk siklis, motosiklis ak pyeton. Kèlkeswa kote vwayaj ou yo mennen w, pratike pridans epi jwi peyizaj ekstrawòdinè New York la pandan w sou wout la".

GTSC a an pati finanse inisyativ sa a. Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (GTSC) a ak Fondasyon STOP-DWI Eta New York la ap raple otomobilis yo [aplikasyon mobil "Have a Plan"](#) yo an disponib pou telefòn entèlijan Apple, Droid ak Windows. Aplikasyon an pèmèt moun New York yo lokalize epi rele yon sèvis taksi ak pwograme yon lis chofè ke yo chwazi. Li founi tou enfòmasyon sou lwa ak sanksyon DWI yo, ak yon fason pou moun fè rapò sou chofè yo sispèk k ap kondwi pandan yon nan yon kapasite afebli.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)